



Kanabis:

**Sa Paran yo
ak Moun k ap
Bay Swen yo
Dwe Konnen**

Li legal pou granmoun konsome kanabis (yo rele li tou marigwana, pay ak bòz) nan Eta New York (New York State, NYS). Efè kanabis la ka pi danjere pou jèn moun yo pase granmoun yo. Si w se yon paran oswa moun k ap bay swen, men sa ou ta dwe konnen sou kanabis ak jèn moun yo.

Konsomasyon Legal Kanabis

- Konsomasyon ak posesyon kanabis legal nan NYS pou moun ki gen 21 lane e plis yo.
- Yo kapab sèlman achte li legalman nan dispansè ki gen otorizasyon nan NYS. Dispansè ki gen otorizasyon yo afiche sou **cannabis.ny.gov/dispensary-location-verification** epi yo ba yo yon so verifikasyon ki gen yon kòd QR, ki rele Zouti Verifikasyon Dispansè NYS. Eskane kòd QR la pou w verifye si yon magazen se yon dispansè ki gen otorizasyon. Si yon magazen pa afiche sou pajwèb la oswa li pa genyen Zouti Verifikasyon Dispansè NYS la, li pa yon dispansè ki gen otorizasyon epi pwodui li vann yo pa reglemante.
- Granmoun ki konsome kanabis yo ta dwe byen konsève tout pwodui kanabis yo yon kote pou moun ki poko gen 21 lane yo pa ka wè ak pran yo.





Efè Kanabis sou Jèn Moun yo

- Kanabis la kapab fè move efè sou jèn moun ki gen sèvo yo ki poko fin devlope. Kanabis la kapab anpeche yo reflechi byen, li kapab anpeche yo pran bon desizyon ak reyisi nan lekòl ak lòt aktivite yo.



- Lè jèn moun konsome kanabis pandan lontan, li kapab fè efè negatif alontèm sou yo.

- Lè jèn moun yo konsome kanabis souvan, sa kapab ogmante risk pou yo souffri maladi mantal tankou depresyon ak anksyete.
- Lè jèn moun ki deja gen risk pou yo souffri maladi mantal grav yo, tankou eskizofreni, konsome kanabis bonè epi souvan, sa kapab ogmante risk yo genyen pou yo devlope maladi sa yo.



Konsèy pou Pale ak Jèn Moun yo Sou Kanabis ak Lòt Dwòg yo

- Bay verite epi ale dirèk.
 - Fè jèn moun yo konnen yo kapab poze w kesyon epi pale sou sijè ki enpòtan yo.
 - Kòmanse konvèsasyon yo bonè epi planifye pou fè yo souvan. Rann tèt ou disponib pou dyalòg ki fran epi asire w dyalòg la rapousuiv.
- Ba li enfòmasyon yo selon reyalite a, pa fè li pè.
 - Eksplike li enkyetid ou yo klè. Pa egzanp, ou ka di, “Sèvo ou ap devlope toujou, epi mwen vle pou w rive akonpli tout sa w kapab akonpli. Kanabis la kapab anpeche w fè sa.”
- Konsantre w sou sa jèn moun nan **ta dwe** fè olye w konsantre w sou sa li pa ta dwe fè.
 - Pale ak li sou yon “plan soti” si li ap sibi presyon jèn parèy li yo pou l goute kanabis oswa lòt dwòg yo. Plan sa a ka gen ladan l yon repons aloral, rele yon granmoun li fè konfyans oswa kite zòn nan. Egzamine opsyon yo epi decide ansanm.
 - Eksplike li fason kanabis la kapab fè move efè sou bagay ki enpòtan pou li yo.
- Pale sou sa ou wè sou kanabis la, alafwa nan medya yo, tankou sou rezo sosyal yo, ak nan lavi reyèl la. Di li sa w panse de sa w wè a epi mande li sa li panse de li tou.
- Se pa yon pwoblèm si ou pa gen tout repons yo. Di li sa w konnen ak sa ki ba w kè sote, epi chèche enfòmasyon yo ansanm.



Sa Pou Fè antanke Paran oswa Moun k ap Bay Swen si Pitit Ou a Konsome Kanabis

- Rete kalm epi koute anvan w reyaji. Si w reyaji yon fason ki egzajere, sa kapab repouse pitit ou a epi rann li pi difisil pou w ede li alontèm.
- Di pitit ou a enkyetid ou yo epi di li verite sou zafè konsomasyon kanabis la.
- Evalye enpak kanabis la ka fè sou pitit ou a. Èske li santi yo ap ba li presyon pou li konsome kanabis? Èske li ap konsome kanabis pou li fè fas ak yon sitiyasyon?
 - Genyen resous ki pou ede pitit ou a fè fas ak sitiyasyon an byen:
 - Pou w jwenn konsèy gratis, an sekre lè gen kriz, sipò nan zafè sante mantal ak konsomasyon sibstans, epi referans pou laswenyay, rele oswa voye mesaj tèks nan 988 oswa tchat nan lyen sa a nyc.gov/988, nenpòt lè.
 - Pou w enskri nan NYC Teenspace epi pou yo mete ou ansanm ak yon terapeit Talkspace pou mesaj ak seyans vityèl an dirèk espesyalman pou adolesan, ale sou talkspace.com/nyc.

- Elabore yon plan sekirite ansanm.
 - Plan sa a ka gen ladan l yon estrateji pou jere presyon zanmi, chèche èd yon pwofesyonèl oswa pale sou fason ki pi bon pou konsome kanabis. Asire w pitit ou a konprann danje ki genyen nan konsomasyon kanabis la, sitou pwodui kanabis ki pa reglemante yo. Aprann li fason pou li evite konsome twòp kanabis lè l kòmanse pran tikal ladan l epi ale dousman.
- Siyale nenpòt efè endezirab pitit ou santi apre l fin konsome yon pwodui kanabis oswa enkyetid ou genyen sou yon dispansè ki pa gen otorizasyon nan lyen sa a **cannabis.ny.gov/report-an-incident**.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kanabis, ale sou **nyc.gov/health/cannabis**.

